



Pwogram Vi Endependan

Konsènan Pwogram Vi Endependan (Independent Living Program)

Pwogram Vi Endependannan Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl, ankouraje epi sipòte yon filozofi vi endependan pou moun ki gen gwo andikap ki swete konsève oswa ogmante nivo endependans yo. Patenarya sa a ant leta ak gouvènman federal finanse 16 Centers for Independent Living (Sant pou Vi Endependan, CIL) nan tout Florida.

Sant pou Vi Endependan (Centers for Independent Living, CIL)

Yon CIL se yon òganis lokal ki pa gen objektif fè kòb konsomatè kontwole epi li bay senk (5) sèvis debaz pou pi piti ki favorize endependans moun ki gen andikap. Chak CIL ofri sèvis vi endependan anplis an fonksyon bezwen kominote a ak moun ki mande èd la. Sant yo ofri sèvis pou ogmante lidèchip, emansipasyon, endependans ak pwodiktivite pou moun ki gen andikap yo. Objektif global sèvis CIL ofri yo se rive atenn entegrasyon

**VÈSYONAN
KARAKTÈ KI
GWO**

epi yon patisipasyon aktif pou moun ki gen andikap yo nan sosyete tradisyonèl.

Senk (5) Sèvis Debaz Florida Centers for Independent Living Ofri

1. Enfòmasyon ak oryantasyon
2. Fòmasyon sou konpetans pou vi endepandan
3. Pledwaye endividyèl ak sistematik
4. Konsèy kòlèg
5. Tranzisyon soti nan sant swen enfimye rive nan kominote a oswa divètisman pou moun ki nan plasman enstitisyonèl; epi ede jèn (ki gen 14 a 24 lane) ak lavi ak opòtinite aprè etid segondè.

Konsèy Vi Endepandan (Florida Independent Living Council)

Konsèy Vi Endepandan (Florida Independent Living Council, FILC) gen responsablite devlope Plan Leta pou Vi Endepandan (State Plan for Independent Living, SPIL) an pou l kapab gide epi sipòte pi byen sèvis vi endepandan pou moun k ap viv Florida ki gen pi gwo andikap. Gouvènè a nonmen manm konsèy yo pou l asire SPIL ki nan tout eta a reprezante bezwen vi endepandan moun ki gen andikap. SPIL egzije FILC pran enfòmasyon sou bezwen vi endepandan moun ki gen andikap nan tout Florida. Wòl SPIL se ofri sèvis vi endepandan ki ede moun atenn objektif yo konsènan edikasyon, travay, lojman abòdab oswa tranzisyon ant sant swen ak kominote a. Manm konsèy la evalye SPIL aktyèl la sou baz pèmanan. SPIL bay Konsèy la ak CIL konsiy sou lansman aksyon

sansibilizasyon pou idantifye epi atenn popilasyon yo pa byen desèvi pou yo kapab benefisye sèvis vi endepandan. Lejislasyon federal ak etatik te kreye CIL ak FILC pou ede moun ki gen andikap konsève oswa ogmante kapasite yo pou yo mennen yo vi endepandan.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399
800 - 451 - 4327

Servicios de retransmisión de
video y retransmisión de Florida
711 disponibles



www.Rehabworks.org



Depatman Edikasyon Florida
Divizyon Reyadaptasyon
Pwofesyonèl
Programas de Empleo
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.